

Regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) sou byennèt

2017

Regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) sou byennèt

Entwodiksyon

NYC DOE angaje l pou travay avèk lekòl, fanmi ak kominote a pou asire l tout elèv gradye epi konnen kòman pou yo pran swen lespri yo, kò yo ak moun ki ozalantou yo. Pou elèv yo ka gen opòtinite pou reyalize siksè pèsonèl, akademik, devlopman ak sosyal, yo bezwen abwiwònman aprantisaj pozitif, ankourajan ki fè pwomosyon pou sante nan chak nivo pandan ane lekòl la.

Rechèch montre de eleman ki se bon nitrisyon ak aktivite fizik avan, pandan ak apre jounen lekòl gen rapò solid ak rezilta pozitif lakay elèv elèv. Paegzanp, patisipasyon elèv nan pwogram manje maten lekòl Depatman agrikilti Etazini(U.S. Department of Agriculture's, USDA) asosye ak pi gro klas yo ansanm ak egzamen ofisyèl yo, pousantaj absanteyis ki pi ba ak meyè pèfòmans nan travay entelektyèl.^{1,2,3,4,5,6,7} Okontrè, konsamasyon manje espesifik ki pa sifizan tankou fwi, legim ak pwodui ki gen lèt lakoz elèv fè nòt ki pi piti. Anplis, elèv ki aktif onivo fizik^{8,9,10}—nan transpò aktif pou ale ak tounen lekòl; repo, poz nan aktivite fizik, bon kalite edikasyon fizik ak aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm lan—travay pi byen onivo akademik.^{11,12,13,14}

Regleman sa a dekri metòd NYC DOE pou asire lekòl yo ka ofri elèv enstriksyon edikasyon fizik ak sante, ansanm ak anwiwònman ak opòtinite ki pèmèt tout elèv pratike bon konpòtman nan sante pandan jounen lekòl la ak distraksyon komèsyal minimòm posib. Esprsyalman, regleman sa a tabli objektif ak pwosedi pou asire:

- Elèv gen bon kalite edikasyon fizik ki satisfè kondisyon Eta a, ak opòtinite pou yo aktif onivo fizik avan, pandan ak/oswa apre lekòl.
- Elèv yo resevwa edikasyon sante global ki ede yo devlope konesans ak kapasite pou pratike bon konpòtman sante pandan tout vi yo.
- Elèv yo aprann kòman pou yo gen aksè nan enfòmasyon ak sèvis sou sante ki disponib pou yo andedan ak andeyò anwiwònman lekòl yo.
- Elèv yo gen aksè nan manje ki nourisan pandan jounen lekòl la—ni nan manje lekòl ki ranbousab ni nan lòt manje ki disponib nan campus lekòl yo—dapre nòm federal ak nòm Eta Nouyòk sou nitrisyon;
- manje ak bwason yo vann oswa sèvi nan lekòl yo satisfè nom estrik nitrisyon yo;
- manje lekòl yo bay elèv aksè nan divès manje ki pa chè, fòtifyan ak entresan ki satisfè bezwen sante ak nitrisyon yo.
- Patisipe nan pwogram federal pou manje ki disponib nan lekòl la (tankou pwogram manje maten lekòl, pwogram nasyonal manje maten nan lekòl [tankou kolasyon apre lekòl], pwogram sèvis manje pandan lete, pwogram fwi ak legim pou snack ak pwogram manje pou swen timoun ak adilt[paegzanpsoupe]);
- lekòl yo angaje nan ankourajman aktivite nitrisyon ak fizik ak lòt aktivite ki ankouraje byennèt elèv;
- kominote a angaje nan sipòte travay NYC DOE pou kreye kontinite ant lekòl ak lòt anwiwònman pou elèv ak estaf pou pratike abitud ki bon pou sante pandan tout vi; epi
- biwo santral yo kowòdone jesyon, sipèvizyon, aplikasyon, kominikasyon ak kontwòl regleman an ak objektif li fikse yo.

Regleman sa a aplike pou tout elèv, estaf ak lekòl leta NYCDOE.

Regleman sou byennèt tout vil sa a mete ansanm kontni ak domèn sèvis yo rekòmande nan [modèl Lekòl antye, Kominote antye, Timoun antye\(Whole School, Whole Community, Whole Child.WSCC\)](#), Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi(Centers for Disease Control and Prevention, CDC), ki se yon pwolonjman

ak yon mizajou metòd sante lekòl kowòdone(Coordinated School Health, CSH). Pwogram biwo byennèt lekòl(Office of School Wellness Programs) nan depatman fonksyònman NYC DOE devlope regleman an nan kolaborasyon ak lòt pwogram, inisyativ, biwo ak ajans nan objektif pou asire lekòl yo ak kominote a gen yon regleman ki pi òganize ki deefini klèman manda, ak rekòmandasyon federal, eta ak lokal ki asosye ak chak domèn.

- Edikasyon fizik ak aktivite fizik
- Edikasyon sante global, tankou edukasyon sou nitrisyon
- Sèvis sante
- Ankourajman manje lekòl ak nitrisyon
- Lòt aktivite ki ankouraje byennèt

Pou kominike regleman aktyèl la, gen yon Komite revizyon regleman sou byennèt(Wellness Policy Review Committee), ki gen de soukomite ki konsantre sou edukasyon fizik/aktivite fizik ak edukasyon sante global, ki te kreye an janvye 2017 epi ki te reyini pou idantifye pèspektiv kominote lekòl Vil Nouyòk nan kontèks kritè eta a ak rekòmandasyon nasyonal ki baze sou prèv. Regleman global sou byennèt sa a la pou avanse plan estratejik nou pou:

- ranfòse edukasyon sante ak fizik jan yo egzije l, matyè akademik debaz ki esansyèl pou pwogrè elèv;
- amelyore kowòdinasyon ak bati konpreyansyon nan biwo, depatman, ajans ak lekòl yo;
- ensiste sou done rapò piblik, onivo lekòl ki fikse nivo respè divè lwa. ak
- bati dirablilite.

I. Gouvènans

Komite konsèy byennèt distri: Wòl li ak manm li yo

Biwo pwogram byennèt nan lekòl(Office of School Wellness Programs) pral kreye yon komite konsèy ki reprezante distri a(“Advisory Council”) ki reyini omwen kat fwa pa ane pou rekòmande, evalye ak sipòte aplikasyon regleman vil la ak metòd pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak byennèt ki afekte sante ak byennèt elèv, kreyasyon, aplikasyon ak evalyasyon detanzantan ak mizajou regleman sou byennèt vil la (“wellness policy”).

Komite konsèy la ap reprezante tout nivo nan lekòl(lekòl primè ak segondè) ak, nan limit posib, tankou moun sa yo ak lòt ankò: paran, ak moun k ap bay swen, elèv, reprezantan SchoolFood (paegzanp direktè nitrisyon), pwofesè edukasyon fizik, pwofesè edukasyon sante, Chanpyon komite konsèy byennèt lekòl(School Wellness Council), pwofesyonèl/estaf sante lekòl(paegzanp, doktè, enfimiyè, dantis, edikatè lasante ak pèsònèl sante ki bay sèvis sante nan lekòl), estaf sèvis sante mantal ak sèvis sosyal(paegzanp konseye lekòl, travayè sosyal oswa sikyat, responsab lekòl(paegzanp, Sipèentandan, direktè) ak lòt asosye ak nan kominote a. Komite konsèy la ap gen manm ki reprezantan kominote lekòl Vil Nouyòk.

School Wellness Councils

Nou ankouraje anpil tout lekòl Vil Nouyòk pou yo kreye ak/oswa kenbe yon School Wellness Council. A School Wellness Council aji kòm yon ekip konseye pou Ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership Team, SLT) ak direktè a pou yo ka evalye ak sipòte aplikasyon regleman sou byennèt Vil la; evalye byennèt nan anvwònman lekòl la lè yo itilize School Wellness Scorecard ki nan [School Wellness Portal](#); epi kreye ak aplike plandaksyon yo kòm yon pati nan inisyativ byennèt nan tout lekòl la(paegzanp pwogram aktivite fizik, [bon jan maraton](#), [selebrasyon ki pa gen manje](#) al rekonpans) ak/oswa pou sipòte objektif edukasyon nan plan edukasyon global(Comprehensive Education Plans, CEP). School Wellness Councils yo ta dwe kominike regleman ki gen rapò ak byennèt chak ane, pou tout estaf la, paran ak elèv ka okouran de prensip regleman yo epi swiv yo. Responsablite final pou gouvènans School Wellness Council ak aplikasyon regleman an repoze sou direktè a.

Lidèchip NYCDOE

Ekip egzekitif biwo pwogram byennèt lekòl yo nan NYC DOE Division of Operations ap konvoke komite konsèy la ak fasilite devlopman regleman sou byennèt la ak mizajou ki gen rapò ak edikasyon fizik ak sante, ansanm ak lòt pwogram ki gen rapò ak byennèt. Y ap kowòdone avèk lidèchip SchoolFood ak sante nan lekòl sou mizajou nan pati regleman an ki gen rapò ak sèvis, avèk lidèchip biwo respektif sa yo ki responsab pou kritè responsablite nan domèn pa yo. Biwo regleman akademik ak sistèm (Office of Academic Policy and Systems) ki nan Division of Teaching and Learning ap ogmante koleksyon ak rapòte done akademik ki konsène edikasyon fizik ak sante ak kominikasyon regleman akademik ki asosye avèk yo. Biwo Sèvis pou respè regleman (Office of Compliance Services) ap pataje rapò ki apwopriye yo avèk lekòl, Sipèntandan ak Field Support Centers yo kòm yon pati nan lis bagay sou respè regleman NYC DOE. Done piblik sou lwa edikasyon fizik ak sante konsènan lejislasyon Komite vil dispoib nan [NYC OpenData website](#).

Non, tit ak enfòmasyon sou jan pou yo kontakte moun sa yo se:

Non	Tit	Adrès imèl
Lindsey Harr ak Alice Goodman	Direktè egzekitif ak Direktè egzekitif adjwen Office of School Wellness Programs	lharr@schools.nyc.gov agoodman@schools.nyc.gov
Armando Taddei	Direktè egzekitif adjwen Office of School Food	ataddei@schools.nyc.gov
Dr. Roger Platt	Reprezantan egzekitif anchef, Office of School Health	rplatt@health.nyc.gov
Katie Hansen	Direktè egzekitif Office of Academic Policy and Systems	khansen5@schools.nyc.gov
Arnold Ali	Direktè egzekitif Office of Compliance Services	aali@schools.nyc.gov

II. Aplikasyon regleman sou byennèt, Sipèvizyon, responsablite, ak angajman kominotè

Plan pou aplikasyon

Nan chak lekòl, direktè a oswa reprezantan l pral asire l yo respekte pòsyon enstriksyon regleman sou byennèt sa a. Sièntandan yo sipèvize direktè yo, ki asire yo direktè yo bay kalandriye enstriksyon djanm pou lekòl yo, pandan y ap pran kòmantè nan fanmi ak kominote sou lwa enstriksyon an. Estaf Field Support Center a bay lekòl yo resous pou yo konprann ak aplike kritè enstriksyon ki dekri nan gid regleman akademik ki espesifik pou chak klas. Direktè yo oswa reprezantan yo pral asire tou yo satisfè kritè SchoolFood yo (paegzanp regleman Chanselye (Chancellor's Regulation, CR A-812) kritè sèvis sante, lè sa aplikab, epi chak lekòl pral rapòte respè fonsyonman an ba manadjè NYC DOE ki apwopriye a. Anplis, SchoolFood pral ankouraje sèvis sa yo:

- Travay ak depatman sante lokal la, òganizasyon kominotè k ap defann dwa moun ak kominote edikasyon pou evalye ak ankouraje elèv pou aksepte pwogram manje maten nan lekòl ak sa yo ofri nan pwogram nasyonal manje midi nan lekòl.
- Kontinye itilize lojisyèl USDA apwouve pou kontwole respè meni sik la ak pwogram snack yo ak regleman ak nòm federal, eta ak lokal yo.
- Kolekte oaza, analize ak evalye bagay ki nan meni an pou respekte presizyon SchoolFood yo.
- Kontinye patisipe nan verifikasyon ak evalyasyon ajans lokal, eta a ak federal fè.

The Office of School Wellness Programs ap bay lekòl yo oryantasyon, resous ak pwogram pou sipòte edikasyon fizik ak sante, aktivite fizik ak inisyativ byennèt lekòl anjeneral, tankou kreyasyon plan daksyon ak komite byennèt lekòl ki nan lekòl la. NYC DOE rekòmande pou lekòl yo enskri komite byennèt lekòl yo nan School Wellness Portal, ak ranpli kanè nòt byennèt lekòl la pou yo ka kreye yon plandaksyon ki ankouraje ak konekte lekòl yo ak resous ak enfòmasyon yo. Gen yon lyen pou [School Wellness Portal](#) ki disponib nan sitwèb NYC DOE a.

Konsèvasyon dosye

Biwo santral NYC DOE(paegzanp., biwo Regleman akademik, biwo respè regleman, SchoolFood, School Wellness Programs) ap kenbe dosye yo pou dokimante respè kritè regleman byennèt nan rezo konpitè santral NYC DOE a. Dokiman yo kenbe yo ap gen ladan yo bagay sa yo ak lòt ankò:

- regleman byennèt la alekri;
- dokiman ki montre respè kritè patisipasyon kominote a, tankou(1) efò pou mande gwoup aktè obligatwa yo vin manm nan aktif nan komimite a ak; (2) patisipasyon gwoup sa yo nan devlopman, aplikasyon ak evalyasyon ak mizajouregleman byennèt la detanzantan;
- rapò pwogrè anyèl nan edikasyon fizik ak edikasyon sante onivo lekòl(dapre [lwa sou komite vil la.](#))
- dokiman evalyasyon pwogrè chak twazan(gade pi ba a) regleman an pou chak lekòl dapre jiridiksyon I;
- dokiman ki montre yo respekte kritè avi piblik yo, tankou: (1) metòd kote regleman byennèt la, rapò pwogrè anyèl ak evalyasyon chak twazan ki disponib pou piblik la; ak (2) efò pou avèti fanmi yo sou disponiblite regleman byennèt la.

Anplis, pwogrè akademik elèv ak rezilta yo pran nan sistèm done dosye ofisyèl NYC DOE, tankou relve nòt elèv ak Sistèm Rapò akademik(Academic Reporting System, STARS). Done nan sistèm sa yo montre tou adaptasyon lekòl yo ak regleman akademik Eta Nouyòk ak Vil Nouyòk ki konsène edikasyon fizik ak sante. Se Biwo regleman akademik ak sistèm NYC DOE k ap dirije STARS.

Rapò pwogrè anyèl

District Wellness Advisory Council pral konpile ak pibliye yon rapò anyèl pou pataje enfòmasyon debaz sou regleman byennèt ak rapò sou pwogrè jeneral NYC DOE pou aplike objektif byennèt. Y ap pibliye rapò anyèl sa a nan menm tan apeprè chak ane an mas, epi y ap konpile done lekòl onivo vil la pou ane lekòl avan an. Rapò sa a pral gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò:

- Adrès sitwèb pou regleman byennèt la ak/oswa kòman piblik la ka resevwa/gen aksè yon kopi regleman byennèt la;
- yon narasyon sou pwogrè vil la nan atenn objektif sou regleman byennèt yo;
- konsantrasyon sou aktivite lekòl ak/oswa vil la ki gen rapò ak aplikasyon regleman byennèt.
- non ak tit lidè regleman NYC DOE yo idantifye nan seksyon I; ak
- enfòmasyon sou kòman moun ak piblik la ka patisipe nan efò byennèt lekòl yo.

Rapò anyèl la ap disponib nan dis lang sou sitwèb NYC DOE a.

Evalyasyon pwogrè chak twazan

Omwen yon fwa chak twazan, biwo kowòdimnasyon onivo santral pral evalye pwogrè regleman byennèt yo pou gade aplikasyon l onivo vil la, tankou limit kote lekòl ki nan jiridiksyon NYC DOE respekte regleman byennèt la, epi bay yon deskripsyon pwogrè ki fèt pou atenn objektif regleman byennèt NYC DOE a. Moun ki responsab pou dirije evalyasyon chak twazan an se Jeremy Walter, Direktè anchèf fonksyonam ak devlopman kominotè pwogram byennèt lekòl, jwalter2@schools.nyc.gov. Rapò anyèl chak twazan an ap disponib pou piblik la sou sitwèb NYC DOE a.

Revizyon ak mizajou regleman an

District Wellness Advisory Council la pral revize oswa modifye regleman byennèt la dapre rezilta pwogrè anyèl la ak evalyasyon chak twazan yo, ak/oswa si priorite NYC DOE chanje; si bezwen kominote a chanje; objektif byennèt yo satisfè; nouvel syans sante, enfòmasyon, ak si teknoloji a evolye; ak si yo

pibliye nouvo prensip oswa nòm federal oswa eta. Y ap evalye ak revize regleman byennèt la jan yo endike sa omwen chak twazan, apre evalyasyon chak twazan an.

Patisipasyon kominotè, motivasyon ak kominikasyon

NYC DOE angaje pou bay repons ak kòmantè kominote a, ki kòmanse ak konesans regleman byennèt la. NYC DOE ap bay mwayen kote reprezantan District Wellness Advisory Council a ak lòt moun ka patisipe nan devlopman, aplikasyon ak evalyasyon ak revizyon detanzantan regleman byennèt la. NYC DOE ap enfòmè tou paran sou chanjman ki fèt nan manje lekòl nan respè nòm nan manje lekòl, disponiblite pwogram nitrisyon timoun ak kòman pou aplike ak yon deskripsyon respè nòm yo avèk bon snack nan nòm nitrisyon lekòl. NYC DOE pral itilize mwayen elektwonik tankou imèl oswa avi ki afiche sou sitwèb NYC DOE pou asire yo avèti tout fanmi sou kontni, aplikasyon ak mizajou regleman byennèt la ansanm ak kòman pou yo patisipe ak sipòte regleman an. NYC DOE pral itilize tou mwayen sa yo pou enfòmè kominote a sou disponiblite rapò anyèl la ak rapò chak twazan yo. NYC DOE pral asire l kominikasyon yo apwopriye onivo kiltirèl ak lengwistik pou kominote a ak akonpli nan mwayen ki menm ak lòt mwayen lekòl distri yo ak lekòl endividyèl yo bay paran lòt enfòmasyon lekòl ki enpòtan.

NYC DOE pral avèti piblik la sou kontni nenpòt revizyon nan regleman byennèt la chak ane, nan yon minimòm.

III. Edikasyon fizik ak aktivite fizik

Edikasyon fizik

Kou Edikasyon fizik(Physical education, PE) se yon eleman esansyèl nan edukasyon konplè timoun lan. Nan PE, elèv yo enfòmè sou kò yo, kòman pou yo pran swen tèt yo, ak kòman pou yo deplase, ansanm ak kapasite pou yo angaje nan abitud sante pou tout lavi yo. PE se yon matyè akademik elèv bezwen ak merite pou yo ka konsantre nan lekòl ak devlope abitud sante pou lontan. NYC DOE dwe bay elèv kou PE dapre [NLwa edukasyon eta nouyòk 803](#), ak dapre règ ki nan regleman Komisyonè 135. Dapre [pati 135.4 Regleman Komisyonè Eta Nouyòk](#), tout lekòl NYC DOE dwe bay elèv ki nan klas K–12yèm ane yon pwogram PE ki konfòm ak [nòm aprantisaj akademik yo](#), nan chak klas, epi pwogram PE yo ta dwe satisfè oswa depase kritè enstriksyon yo espesifiye yo. NYC DOE ap pibliye yon seri PE pou K-12yèm ane nan ane lekòl 2017-18 la pou ede lekòl yo ofri yon kourikoulòm ki apwopriye dapre laj, pa seri pou tout elèv K-12yèm ane.

Estaf: Chak lekòl k ap sèvi klas lekòl primè oblije gen omwen yon pwofesè PE ki sètifye dapre regleman Eta Nouyòk. Dapre regleman 135.4 Komisyonè Eta Nouyòk, yon pwofesè salklas NYC DOE ka anseye sou sipèvizyon yon pwofesè PE sètifye nan lekòl primè. Nan lekòl presegondè ak lekòl segondè, se yon pwofesè PE sètifye ki dwe fè kou PE a. NYC DOE rekòmande pou se yon pwofesè PE sètifye ki gen lisans ki fè kou PE.

Epitou, dapre [Lwa Eta Nouyòk sou jesyon chòk ak sansibilizasyon\(New York State Concussion Management and Awareness Act\)](#), tout pwofesè PE ak antrenè dwe pran trening sou chòk chak dezan. Pou jwenn detay ak eksplikasyon, gade [paj Enfòmasyon sou trening ak verifikasyon chòk la](#).

Patisipasyon elèv: Tout elèv gen menm opòtinite pou patisipe nan kou sou PE yo. Lekòl yo pral fè rekòmandasyon apwopriye pou pèmèt patisipasyon egale pou tout elèv, epi y ap adapte kou edukasyon fizik yo ak ekipman yo, si sa nesèsè. Dapre regleman Eta a, eksepsyon oswa ranplasman pou kou edukasyon fizik yo pa otorize.

Nan pwogram 3-K ak pre-K

- Elèv yo ta dwe gen opòtinite pou mouvman, edukasyon sante ak fizik, menmsi Eta Nouyòk pa egzije PE pou pwogram sa yo.

Nan lekòl primè

- Tout elèv lekòl primè pral resevwa PE dapre regleman eta a, ki presize pou elèv ki nan klas K-5yèm ane patisipe nan PE pou omwen 120 minit pa semèn:
 - Elèv ki nan klas K-3yèm ane patisipe nan PE chak jou.
 - Elèv ki nan klas 4yèm-5yèm ane patisipe nan PE twa fwa pa semèn pou pi piti Pou lekòl ki gen klas K-8yèm ane ak lekòl ki gen klas K-12 yèm ane, elèv klas 6yèm ane konfòme yo ak kondisyon pou klas 4yèm ak 5yèm ane.

Pou ede lekòl primè ak lè reyinyon ak kantite fwa kritè yo rive ak pou fè salklas yo yon anviwònman aprantisaj aktif, vil la ofri trening ak sipò pou [avanse pou amelyore\(Move-to-Improve\)](#), pwogram aktivite fizik nan saklas NYC DOE. **Move-to-Improve** ede pwofesè lekòl primè yo fè aktivite ki dire 10 minit ki sipòte Nòm PE Eta Nouyòk ki nan nòm aprantisaj matyè debaz yo. Lekòl primè ki gen yon pwogram PE global, yon pwofesè PE ki sètifye dirije ka vin yon lekòl **Move-to-Improve All-Star** si yo fè trening pou omwen 85% pwofesè ki elijib nan pwogram lan ak si yo aplike **Move-to-Improve** kòm yon pati regilye nan jounen lekòl la. Yo otorize lekòl All-Star yo itilize jiska 40 minit pa semèn aktivite **Move-to-Improve** pandan lè enstriksyon nan salklas pou konplete pwogram PE ki deja egziste a ak ede satisfè 120 minit PE yo egzije a.

Nan lekòl presegondè

- Regleman eta a egzije pou elèv resevwa PE chak ane.
 - Elèv ki nan klas 6yèm-8yèm ane patisipe nan PE chak semèn pou 90 minit pa semèn oswa ekivalan an, pou yon total 27 èdtan pa semèn.
 - Lekòl yo ka swiv modèl orè tradisyonèl 3/2 a(PE twa fwa pa semèn nan yon semèn ak de fwa pa semèn nan lòt la) oswa distribye lè nan lòt modèl.

Nan Lekòl segondè

- Yo egzije kat kredi PE pou gradyasyon. Regleman Eta a egzije pou:
 - Elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane gen kou PE chak jou ak patisipe pou yon minimòm 180 minit pa semèn pou sèt semès; oswa
 - Elèv resevwa PE pou yon minimòm 90 minit pa semèn nan chak trimès, ki pwograme twa peryòd pa semèn nan yon semèn ak de peryòd pa semèn nan lòt semès la(3/2) oswa ki distribye nan lòt modèl pou lè ki konparab.

Pwogram edikasyon fizik vil la ankouraje byennèt fizik atravè evalyasyon endividyèl nan pwogram NYC FITNESSGRAM, ki oblogatwa pou tout elèv K-12yèm ane ki elijib epi li itilize rapò ki baze sou kritè pou chak elèv. Paran ak responsab ka gade rapò anyèl pitit yo nan NYC FITNESSGRAM sou [kont lekòl NYC\(NYC Schools Account\)](#).

Aktivite fizik

Timoun ak adolesan ta dwe patisipe nan [aktivite fizik ki dire 60 minit](#) chak jou. Akote PE, gen yon pousantaj aktivite fizik enpòtan pou elèv yo ka fè nan aktivite lekòl la, tankou aktivite fizik nan salklas, poz, transpò aktif nan lekòl ak aktivite andeyò lè lekòl. NYC DOE angaje pou ankouraje ak sipòte opòtinite sa yo. Lekòl yo pral asire yo aktivite sa yo se aktifive anplis, ki pa ranplase PE(yo pale de sa nan souseksyon "PE" ki pi wo a).

NYC DOE rekonèt elèv pote plis atansyon ak pi prepare pou yo aprann lè yo gen poz detanzantan pou yo fè aktivite fizik oswa pou yo detire kò yo. Poutèt sa, NYC DOE rekòmande tou pou pwofesè yo bay elèv poz aktivite fizik kout(3-5 minit) pandan lè salklas ak ant lè kou yo. Poz aktivite fizik yo ta dwe konplete kou PE yo, poz ak/oswa peryòd tranzisyon kou yo, se pa ranplase yo. Resous ak ide pou aplike poz aktivite fizik regilye yo disponib nan [USDA](#) ak nan [Alliance for a Healthier Generation](#).

Yo pa p retire aktivite fizik pandan jounen lekòl(tankou repo, poz aktivite fizik oswa PE) kòm pinisyon pou okenn rezon, ni yo pa p itilize l kòm pinisyon pou okenn rezon. Sa pa gen ladan patisipasyon nan aktivite andeyò lekòl oswa ekip espò lekòl, ki ka gen kondisyon ak regleman espesifik pou patisipasyon.

Repo(Primè): NYC DOE rekòmande anpil pou lekòl primè yo ofri omwen 20 minit repo nan tout jou oswa pifò jou yo pandan ane lekòl la epi li ankouraje yo devlope yon plan repo pou ogmante lè sa a pou sante ak byennèt timoun yo. Epi yo pa ta dwe itilize repo pou lè manje, piske lekòl yo ta dwe pwograme peryòd manje midi pou elèv yo gen omwen 20 minit pou to manje manje midi.

Dapre regleman Eta a, repo pa dwe konte nan kondisyon PE men li ta dwe konplete l, pa ranplase l. Sipèvizè oswa pwofesè repo a ta dwe ankouraje elèv pou yo aktif, epi yo ka jwe wòl modèl ki pisan lè yo aktif onivo fizik akote elèv yo lè sa posib. Li bon lè timoun fè anpil egzèsis epi yo dwe ba yo opòtinite pou yo jwe deyò nenpòt lè sa posib. Sòsi l ap fè nèj oswa si gen glas sou lakou a. Fredi pa dwe yon obstak pou jwe deyò a depi timou byen abiye. Depatman sante ak lyjyèn mantal Vil Nouyòk(New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH)ankouraje anpil direktè yo pou yo kenbe peryòd jwèt sou lakou a nan pifò jou ivè yo. NYC DOE rekòmande si yon lekòl dwe pran repo andedan pou estaf la ak pwofesè yo devlope ak swiv yon plan repon andedan ki ankouraje aktivite fizik pou elèv, nan limit sa posib. Rekòmandasyon ak resous sou repo yo disponib nan [Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi\(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\) ak nan SHAPE America](#).

Pwogram avan ak apre lekòl: NYC DOE ofri opòtinite pou elèv patisipe nan aktivite fizik avan ak/oswa apre jounen lekòl atravè divès pwogram tankou: CHAMPS Sports ak pwogram Fitness(lekòl primè ak presegondè), pwogram Lig Atletik lekòl leta(Public School Athletic League, PSAL) (lekòl segondè), aktivite donasyon School Wellness Council finanse ak kolaborasyon pwogram ki afilye ak NYC DOE . Epi yo, dapre [Lwa Eta Nouyòk sou jesyon chòk ak sansibilizasyon\(New York State Concussion Management and Awareness Act\)](#), tout pwofesè ak antrenè PE dwe pran trening sou chòk chak dezan. Pou jwenn detay ak eksplikasyon, gade [paj Enfòmasyon sou trening ak verifikasyon chòk la](#).

Active Design: NYC DOE ankouraje lekòl yo kreye anviwònman ki ankouraje aktivite fizik pou lasante ak byennèt elèv, estaf ak kominote a. NYC DOE rekòmande de resous pou gide lekòl yo:

- Partnership for a Healthier New York City te kreye [The Active Design Toolkit for Schools](#) nan kolaborasyon ak DOHMH, NYC DOE ak Depatman transpò Vil Nouyòk(New York City Department of Transportation). Li gen detay ak estrateji pou egzanp rekreyasyon aktif, anbelisman chwa manje ak bwason nourisan ak transpò aktif nan anviwònman lekòl.
- Healthy Living by Design Unit, nan DOHMH te kreye [The Active Design Playbook for Early Childhood Settings](#) avèk opinyon ki soti bòkote divès asosye epi ak sipò akò koperatif Partnership to Improve Community Health ke Centers for Disease Control and Prevention (CDC) finanse. Li ofri estrateji ak ide pou fason pou yo entegre jwèt aktif ak lè pou sipòte aprantisaj nan sant pou debitan(early childhood centers)ki nan NYC.

IV. Edikasyon sante global

Edikasyon sante jwen yon wòl enpòtan nan ede elèv devlope konesans ak kapasite yo bezwen pou pran swen kò yo ak pou pran bon jan desizyon. Edikasyon sante ofri jèn opòtinite pou devlope konpetans esansyèl tankou fikse objektif, defann pwòp tèt yo, kominike, pran desizyon, analize enfliyans, jwenn resous ak pratike konpòtman k ap ranfòse sante ki pral ede yo reyisi nan lekòl ak nan lavi.

NYC DOE dwe bay elèv kou edikasyon sante dapre lwa edikasyon eta nouyòk 804 ak dapre règ ki nan [regleman Komisyonè 135](#). Dapre Pati 135.3 regleman komisyonè Eta Nouyòk, NYC DOE egzije edikasyon sante global ki baze sou nòm nan lekòl primè, presegondè ak segondè ki gen presizyon onivo medikal, ki apwopriye dapre laj, kilti epi ke yo fè nan yon anviwònman aprantisaj ki sennesof ak favorab kote tout elèv santi yo gen valè.

Lekò Vil nouyòk yo ta dwe adopte yon metòd ki baze sou ladrès pou anseye edikasyon sante global ki konsidere divès sijè, tankou tabak, alkòl ak izaj dwòg; bon jan nitrisyon, sante matal ak emosyonèl; sante

ak byennèt pèsonèl; aktivite fizik, sekrite ak prevansyon chòk; ak prevansyon vyolans. Nan dezyèm nivo a, edikasyon sante a dwe gen ladan edikasyon sante seksyèl ki gen ladan tou LGBTQ.

Lè sa posib, yo ta dwe fè aktivite sou nitrisyon, ak aktivite nan lekòl la —tankou goute manje SchoolFood, aktivite jaden lekòl ak aktivite Garden to Café, mache kiltivatè kominotè ak aktivite kuizin/manje nourisan School Wellness Council fè oswa kowòdone leson edikasyon sou nitrisyon yo fè kòm yon pati nan edikasyon sante global la.

Eta Nouyòk egzije tou pou tout elèv K-12yèm ane resevwa yon kantite leson chak ane sou nati, mòd transmisyon ak metòd prevansyon HIV/AIDS.

Paran yo ka refize pitit yo patisipe nan leson sou "prevansyon" ki gen pou wè ak metòd pou anpeche gwosès ak/oswa transmisyon maldi moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infections, STIs), leson sou abtinans pa ladan. Enfòmasyon anplis sou avètisman paran ak regleman pou refize patisipasyon pou kèk leson sou HIV ak kèk leson edikasyon sante seksyèl disponib sou [sitwèb NYC DOE](#).

Nan lekòl primè

- Elèv yo dwe resevwa edikasyon sante chak ane.
- Chak elèv K-6yèm ane dwe resevwa senk leson HIV/AIDS nan kourikoulòm HIV/AIDS NYC DOE chak ane.
- Pwofesè edikasyon sante oswa pwofesè salklas ki sètifye ka anseye edikasyon sante ak leson HIV/AIDS.

Nan lekòl presegondè

- Elèv yo dwe resevwa ekivalan yon kou edikasyon sante global ki dire 54èdtan.
- NYC DOE egzije pou yo mete edikasyon sante seksyèl nan kou edikasyon sante global la epi li rekòmande anpil pou yo fè edikasyon sante nan klas 6yèm oswa 7yèm ane.
 - Paran ka refize pou pitit yo patisipe nan kèk kou sou santè seksyèl ki gen rapò ak metòd prevansyon.
- Chak elèv dwe resevwa leson HIV/AIDS chak ane nan kourikoulòm NYC DOE HIV/AIDS; yo egzije senk leson chak ane pou klas 6yèm ane ak sis leson pou klas 7yèm ak 8yèm ane.
- Regleman Eta Nouyòk egzije pou yon pwofesè edikasyon sante ki sètifye anseye edikasyon sante.

Nan Lekòl segondè

- Elèv yo dwe resevwa ekivalan yon kou ki dire 54èdtan, ki gen yon kredi.
- Yon kredi edikasyon sante se yon kritè pou gradyasyon
- NYC DOE egzije pou yo mete edikasyon sante seksyèl nan kou edikasyon sante global la epi li rekòmande anpil pou yo fè edikasyon sante nan klas 9yèm oswa 10yèm ane.
 - Paran ka refize pou pitit yo patisipe nan kèk kou sou santè seksyèl ki gen rapò ak metòd prevansyon.
 - Yo pèmèt demonstrasyon kondòm nan kou edikasyon sante nan lekòl segondè.
- Chak elèv 9yèm-12yèm ane dwe resevwa senk leson HIV/AIDS nan kourikoulòm HIV/AIDS NYC DOE chak ane.
- Regleman Eta Nouyòk egzije pou yon pwofesè edikasyon sante ki sètifye anseye edikasyon sante.

Edikasyon sante global ankouraje abitud mòdvi ki bon pou lasante, rapò ki bon pou lasante ak fòmasyon ki bon pou lasante pou tout elèv, lè yo devlope kapasite ak andirans aprantisaj sosyo-emosyonèl. Pou ede lekòl yo ofri edikasyon sante, NYC DOE ofri kourikoulòm ki baze sou rechèch, yo rekòmande pou nivo lekòl primè, presegondè ak segondè epi li ofri pwofesè trening gratis pandan ane a. Si yon lekòl chwazi yon lòt kourikoulòm edikasyon sante, li ta dwe konfòm ak nòm edikasyon sante nasyonal la ak nòm edikasyon seksyèl nasyonal la epi li dwe ranpli kondisyon edikasyon sante eta a ak lokal yo. NYC

DOE ap pibliye yon seri edikasyon sante pou K-12yèm ane nan ane lekòl 2017-18 la pou ede lekòl yo ofri edikasyon sante ki apwopriye dapre kapasite ak laj.

V. Sèvis sante

Lè timoun ansante, yo gen plis chans pou yo aprann ak pou yo angaje avèk siksè nan lekòl. Sèvis sante nan lekòl ka jwe yon gwo wòl nan retire obstak pou aprann lè yo asire aksè ak/oswa rekòmandasyon nan sèvis swen sante debaz, ofri sèvis sante mantal entegre, jere maladi kwonik pandan lè lekòl, ofri swen ijans pou maladi oswa chòk, idantifye maladi kontajye ak kreye metòd ak sistèm pou asire tout elèv gen aksè nan resous ak sèvis enpòtan ki apwopriye onivo devlopman.

NYC DOE ofri yon seri sèvis sante pou sipòte byennèt ak siksè akademik elèv tankou

- enfimyè, doktè ak edikatè lekòl ki sou plas;
- Sant sante nan lekòl;
- pwogram sante mantal, egzamen je, egzamen dan ak sèvis sante pou fè pitit.

NYC DOE ankouraje anpil tout lekòl ankouraje patisipasyon nan sèvis sante ki disponib ak pou ranfòse rapò ant domèn enstriksyon, espesyalman ant edikasyon sante ak sèvis sante, pou ede elèv gen aksè nan resous sante ak mete aprantisaj ann aksyon. Enfimyè lekòl, estaf sant sante nan lekòl ak lòt moun yo se manm enpòtan kominote lekòl la pou yo mete nan **School Wellness Councils** la.

Pwogram disponibilite kondòm(Condom Availability Program, CAP)

Kòm yon pati pwogram prevansyon NYC DOE HIV/AIDS, ak dapre [Regleman komisyonè 135.3 \(c\) \(2-ii\) Eta Nouyòk](#), lekòl segondè vil Nouyòk dwe mete sal resous sante kote estaf ki pran trening ka bay elèv klas 9yèm-12yèm ane kondòm, enfòmasyon sante ak rekòmandasyon sante gratis. Biwo pwogram byennèt lekòl(Office of School Wellness Programs) ofri trening CAP pou estaf lekòl ak kondòm ak materyèl enfòmasyon sou sante gratis Par an ak responsab legal ka chwazi pou pitit yo pa resevwa kondòm, sepandan tout elèv gen dwa pou pran enfòmasyon ak rekòmandasyon pou sèvis sante. Chak CAP lekòl segondè dwe:

- gen omwen yon manmestaf gason ak yon manm estaf fi ki resevwa trening;
- ki disponib pou omwen dis peryòd pa semèn pou tout ane lekòl la.
- afiche aklè lè ak kote sal resous sante a pou tout elèv nan yon lèt ak afich;
- bay tout paran nouvo elèv depi yo fin antre lekòl lèt ki bay paran dwa refize pitit yo resevwa kondòm lan.
- kenbe yon lis konfidansyèl sou tout elèv ki refize yo epi mete lis sa a disponib pou tout estaf CAP(y ap idantifye elèv ki sou lis ki refize yo ap nimewo ID sèlman. yo pa p itilize non yo);
- bay rekòmandasyon sante;
- asire sal resous sante a se yon kote ki sennesof, agreyab ak san patipri pou tout elèv.
- kenbe enfòmasyon elèv konfidansyèl.

VI. Nitrisyon ak Ankourajman manje lekòl

Bon nitrisyon se gen gwo enpòtans pou yon bon edikasyon. Lè elèv byen manje, li ranfòse atansyon yo ak konpreyasyon yo pandan lè kou a. SchoolFood ofri manje fòtifyan, konplè chak jou ki bay sèvo elèv enèji yo bezwen pou gen siksè lekòl. Nou ankouraje lekòl yo anpil pou ensiste sou sa yo sèvi nan kafeterya a pandan anons, nan bilten nouvel pandan reyinyon kominotè ak kòm pati nan leson sou edikasyon nitrisyon an. Lè yo fè sa, sa pral pèmèt elèv yo enfòme sou avantaj ak valè chwa ki bon pou lasante.

Manje SchoolFood sèvi nan pwogram manje maten lekòl(School Breakfast Program,SBP), nan pwogram manje midi lekòl nasyonal(National School Lunch Program,NSLP), Snack aprelekòl ak pwogram soupe yo respekte kritè sa yo:

- Satisfè kondisyon lokal, eta ak federal pou ranbousman.

- Redui kantite grès nan manje yo dapre rekòmandasyon sa yo :
 - Yo limite total grès la ak 30 pousan nan total kalori a pandan semèn lan.
 - Y ap limite kantite grès satire a 10 pousan nan total kalori a pandan semèn lan.
- Yo ofri kantite sodyòm ki limite.
- Ofri ak ankouraje timoun yo manje fwi fre ak plizyè kalite legim chak jou.
- Ofri epi ede entwodiksyon antre ki baze sou plant.
- Yo mete pwodui alimantè lokal ak sezonye nan meni yo.
- Yo ofri wobinè dlo glase nan kafeterya yo.
- Yo ofri twa kalite lèt :
 - ki gen ti kras grès (1%)
 - san grès
 - Lèt ki gen chokola ki pa gen grès
 - *Eksepsyon:* Gen kèk elèv espesyal ki ka resevwa lèt antye.

SchoolFood pral kontinye entèdi engredyan ki ka anpeche timoun devlope nan pwodui nou sèvi nan meni nou yo.

N ap afiche meni yo chak mwa nan sal kafeterya lekòl la ak sou [Sitwèb SchoolFoodNYCDOE](#). Sitwèb la gen ladan kontni nitrisyon ki nan manje manje chak jou a. Epitou, yon aplikasyon telefòn mobil ki gen enfòmasyon sou meni an ak opsyon evalyasyon manje ki disponib pou telechaje sou [sitwèb](#) la.

Manje maten

Pou satisfè bezwen an nitrisyon elèv yo epi pou pwouve avantaj tidejene ki bon pou lasante, SchoolFood ankouraje elèv yo patisipe nan pwogram tidejene nan lekòl la.

- Yo bay tout elèv ki nan lekòl leta nan NYC manje maten gratis.
- Manje maten nan salklas ap kontinye sèvi nan tout lekòl primè NYC pou yo ka bay elèv yon repa ki bon pou lasante pou kòmanse jounen lekòl la.

Manje midi

SchoolFood ofri elèv divès meni manje midi ki la pou satisfè nòm nitrisyon, epi ki travay ak elèv yo pou devlope manje ki bon pou lasante pou yo itilize nan meni yo.

Yo evalye nouvo manje ak bagay ki nan meni yo pou idantifye chwa manje ki bon pou sante ak ki gen bon gou. Se:

- esaf SchoolFood ak elèv nan kuizin k ap teste pou SchoolFood ki fè sa.
- revizyon apresyasyon(likes) ak degou(dislikes) elèv dapre done metrik sou meni, sondaj sou aplikasyon mobil ak reyinyon afilyasyon lekòl.
- Teste bagay nan lekòl yo seleksyone epi jwenn kòmantè elèv yo fè pi gwo piblisite pou pwodui a.

Manje ki nan konpetisyon(Competitive Foods): Manje ak bwason yo vann/sèvi ki pa nan pwogram manje maten lekòl la ak pwogram manje midi nasyonal la

“Competitive Foods” se manje ak bwason yo vann ba elèv nan machin otomatik(**vending machines**), snak an detay(a la carte snacks), boutik lekòl yo, maraton lekòl ak nan kuizin ki nan lekòl la. Se [Regleman Chanselye\(Chancellor’s Regulation, CR A 812\) sou Competitive Foods ki kontwole manje ak bwason ki nan anviwònman sa yo.](#)

Apati fevriye 2010, se sèlman manje ak bwason ki respekte règleman SchoolFood Depatman Edikasyon yo ka vann pandan lekòl la ap fonksyone. Lis SchoolFood la p ap genyen bagay Lwa eta a ak/oswa Lwa federal entèdi.

Enfòmasyon sou pwodui snack SchoolFood ki apwouve yo, engredyan, kantite pòsyon ak lòt enfòmasyon disponib sou [sitwèb schoolFood la](#).

Nòm sou bwason pou espas kote timoun lekòl gen aksè

Lekòl primè (klas K-5yèm ane, K-8yèm ane ak K-12yèm ane)			
Pozisyon machin yo	Pwodui yo pèmèt	Limit kalori	Limit gwochè pòsyon
Zòn kote elèv gen aksè	Dlo	Pa disponib	Okenn moun
	Bwason ki pa gen anpil kalori san gou ak koulè atifisyèl	10 kalori pou 8 oz.	Okenn
<ul style="list-style-type: none"> Bwason yo pa ka gen ranplasan sik atifisyèl, lòt sik natirèl ki pa nourisan oswa ki pa gen anpil kalori (paegzanp stevia, erythritol), gou oswa koulè atifisyèl. Yo pa otorize pwodui ki gen kabonat ak kafeyin. 			

Lekòl presegondè (klas 6yèm-8yèm ane 6yèm-12yèm ane)			
Pozisyon machin yo	Pwodui yo pèmèt	Limit kalori	Limit kantite pòsyon
Zòn kote elèv gen aksè	Dlo	Pa disponib	Okenn
	Bwason ki pa gen anpil kalori san gou ak koulè atifisyèl	10 kalori pou 8 oz.	Okenn
<ul style="list-style-type: none"> Bwason yo pa ka gen ranplasan sik atifisyèl, lòt sik natirèl ki pa nourisan oswa ki pa gen anpil kalori (paegzanp stevia, erythritol), gou oswa koulè atifisyèl. Yo pa pèmèt pwodui ki gen kafeyin; yo pèmèt pwodui ki gen cabonat. Yo dwe afiche enfòmasyon sou kalori pou chak bwason, jan yo ye sou pake a. Piblisite pou bwason ki gen anpil kalori nan vending machines entèdi. 			

Lekòl segondè (klas 9yèm-12yèm ane)			
Pozisyon machin yo	Pwodui yo pèmèt	Limit kalori	Limit kantite pòsyon
Zòn kote elèv gen aksè	Dlo	Pa disponib	Okenn
	Bwason ki pa gen anpil kalori san gou ak koulè atifisyèl	25 kalori pou 8 oz.	Okenn
<ul style="list-style-type: none"> Bwason yo pa ka gen ranplasan sik atifisyèl, lòt sik natirèl ki pa nourisan oswa ki pa gen anpil kalori (paegzanp stevia, erythritol), gou oswa koulè atifisyèl. Yo otorize pwodui ki gen kabonat ak kafeyin. Yo dwe afiche enfòmasyon sou kalori pou chak bwason, jan yo ye sou pake a. Piblisite pou bwason ki gen anpil kalori nan machin otomatik entèdi. 			

Nòm sou bwason pou espas kote timoun lekòl pa gen aksè (paegzanp sal datant pwofesè ak biwo administratè)

vending machines ki vann bwason nan biwo administratè yo ak kote pwofesè gen aksè (paegzanp sal datant pwofesè ak lòt kote elèv pa gen aksè) pral respekte nòm nòm vil la pou **vending machines** ki vann bwason pou adilt. Vil la ka revize nòm yo detanzantan, dapre volonte l.

Nòm sou snack pou espas kote timoun lekòl pa gen aksè

Regleman pou lavant manje ak Snack: Objektif SchoolFood se pou ankouraje elèv devlope abitud manje ki bon pou lasante lè yo redui oswa elimine total grès, grès satire, asid gra trans(trans fat), kolestewòl ak sodyòm nan snack. Yo pa ka itilize vending machines ki gen snack yo nan okenn lekòl ki gen nivo klas pre-kindergarten ("PK") rive 5yèm ane. Yo ka itilize yo nan lekòl presegondè ak segondè(gade nòm yo pi ba a).

Yo revize plizyè snack ki popilè pou yo ka respekte nòm nitrisyon ki ranfòse yo. [CR A- 812 sou Competitive Foods](#) mete regleman pou lavant manje ak snack.

Y ap pèmèt lavant bagay ki apwouve pou maraton elèv fè pandan jounen lekòl la andeyò kafeterya a(CR A-812, Seksyon I, Paragraf-G).

Snacks nan Machines kote elèv ak pwofesè gen aksè (lekòl presegondè ak segondè sèlman)

- Tout pwodui yo dwe nan pake ki pou sèvi yon sèl fwa.
- Pwodui yo pa ka gen okenn sik atifisyèl ki pa nourisan.
- Pwodui yo pa ka gen plis pase 200 kalori pou chak pòsyon.
- Pwodui yo pa ka gen plis pase 200 mg. sodyòm.
- Pwodui yo dwe gen mwens pase 10% total kalori ki soti nan grès satire.
- Pwodui yo pa ka gen plis pase 35% total kalori ki soti nan grès(pistach/nwa(nuts) ak manba fè eksepsyon).
- Melanj pwodui fwi sèch ak nuts fè eksepsyon nan nòm sou total grès la.
- Pwodui yo dwe gen mwens pase 0.5 grams Trans Fat pou chak pòsyon.
- Pwodui yo pa ka gen plis pase 35% total kalori ki soti nan sik yo ajoute(pwodui fwi ki pa gen sik ki ajoute fè eksepsyon).
- Pwodui ki gen ble yo dwe gen omwen 2 gram fib pou chak pòsyon.
- Yo ka aksepte tout fwi ak legim frèch.
Anplis, yogurt dwe gen 15 grams sik pou pi plis pou chak 4 ons, epi yo pa ka gen okenn gou oswa koulè atifisyèl.

Pwodui yo apwouve: Se sèlman manje ki apwouve yo ka vann elèv nan **vending machines** yo, nan boutik lekòl yo ak/oswa nan aktivite maraton lekòl *pandan lè ki pa lè manje* nan kòmansman jounen lekòl la jiska 6:00 p.m., jou lasemèn, avèk yon sèl eksepsyon ki se maraton PA/PTA(CR A-812, Seksyon I, Paragraf-H).

Bagay yo entèdi: Yo pa ofri bagay sa yo pou vann ba elèv nan vending machines, boutik lekòl, maraton elèv ak/oswa lòt aktivite maraton lekòl nan kòmansman jounen lekòl la jiska 6:00 p.m., jou lasemèn:

- Chiklèt
- Sirèt(tankou sirèt ki di, jellies, gums, sirèt marshmallow, fondant, licorice, sirèt spun, ak popcorn ki gen kouch sirèt sou yo)
- **Water ices** ki pa gen fwi oswa ji fwi
- Sik atifisyèl

Yon lis nacks ki respekte kritè NYCDOE yo disponib sou [sitwèb SchoolFood](#). Gade CR A-812 pou plis enfòmasyon.

Yo ka pwopoze nouvo pwodui pou ajoute sou lis snack ki apwouve yo si yo kontakte: SchoolFood, Food Support Unit, NYC Department of Education, Attn: Ivan Moreno, 44-36 Vernon Blvd – Room 412, L.I.C., NYC 11101; telephone (718) 707-4268; e-mail imoreno2@schools.nyc.gov.

Edikasyon ak ankourajman pou nitrisyon

SchoolFood travay ak tout lekòl leta NYC DOE pou devlope ak kenbe SchoolFood Partnerships ak manm kominote lekòl la. SchoolFood ankouraje direktè yo envite elèv ak paran pou travay ansanm pou ankouraje kominikasyon ant SchoolFood ak kominote lekòl la.

School Wellness Councils ka travay ak SchoolFood Partnerships pou ankouraje ak sipèvizè regleman ak pwogram sou nitrisyon ak sou aktivite fizik nan lekòl pa yo. Gwoup sa yo ka sèvi kòm yon resous pou administrasyon lekòl la lè y ap aplike regleman sa yo.

Office of School Wellness Programs pral konplete efò sa yo lè yo poze pwoblèm edikasyon nitrisyon nan opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou pwofesè nan kourikoulòm edikasyon sante global yo rekòmande pou NYC DOE a, ansanm ak nan seri kou ak dokiman edikasyon sante yo.

VII. Lòt aktivite ki ankouraje byennèt elèv

NYC DOE ankouraje ak sipòte lekòl nan entegre aktivite byennèt nan tout anviwònman lekòl yo, pa sèlman nan kafeterya a, lòt kote ki gen manje ak bwason ak kote ki gen aktivite fizik. NYC DOE pral chèche kowòdone ak entegre lòt inisyativ ki gen rapò ak aktivite fizik, edikasyon fizik, nitrisyon, ak lòt eleman byennèt pou efò yo ka konplèman, men pou yo pa fèt def wa. NYC DOE pral travay tou pou menm objektif k ap ankouraje byennèt elèv, devlopman maksimòm ak rezilta edikasyon solid.

Afilyasyon kominotè

NYC DOE pral kontinye devlope rapò ak afilye nan kominote a pou sipòte aplikasyon regleman sou byennèt sa a. Y ap evalye afilyasyon kominotè ki egziste yo ak sa ki nouvo yo pou asire yo rete konsistan ak regleman byennèt yo ansanm ak objektif yo.

Ankourajman ak angajman pou sante kominotè

NYC DOE pral kontinye travay ak lekòl yo pou sipòte efò yo nan ankouraje paran/moun k ap bay swen, fanmi ak kominote a anjeneral, avantaj ak metòd pou byen manje ak aktivite fizik pandan ane lekòl la. Aktivite lekòl patwone, ansanm ak aktivite nan nivo distri yo, ka ede angaje fanmi yo pou yo konprann enpòtans edikasyon fizik, edikasyon sante, bon nitrisyon, aktivite fizik regilye ak aksè nan sèvis sante.

Remak

- ¹ Bradley, B, Green, AC. Do Health and Education Agencies in the United States Share Responsibility for Academic Achievement and Health? A Review of 25 years of Evidence About the Relationship of Adolescents' Academic Achievement and Health Behaviors, *Journal of Adolescent Health*. 2013; 52(5):523–532.
- ² Meyers AF, Sampson AE, Weitzman M, Rogers BL, Kayne H. School breakfast program and school performance. *American Journal of Diseases of Children*. 1989;143(10):1234–1239.
- ³ Murphy JM. Breakfast and learning: an updated review. *Current Nutrition & Food Science*. 2007; 3:3–36.
- ⁴ Murphy JM, Pagano ME, Nachmani J, Sperling P, Kane S, Kleinman RE. The relationship of school breakfast to psychosocial and academic functioning: Cross-sectional and longitudinal observations in an inner-city school sample. *Archives of Pediatrics and Adolescent Medicine*. 1998;152(9):899-907.
- ⁵ Pollitt E, Mathews R. Breakfast and cognition: an integrative summary. *American Journal of Clinical Nutrition*. 1998; 67(4), 804S–813S.
- ⁶ Rampersaud GC, Pereira MA, Girard BL, Adams J, Metz J. Breakfast habits, nutritional status, body weight, and academic performance in children and adolescents. *Journal of the American Dietetic Association*. 2005;105(5):743–760, quiz 761–762.
- ⁷ Taras, H. Nutrition and student performance at school. *Journal of School Health*. 2005;75(6):199-213.
- ⁸ MacLellan D, Taylor J, Wood K. Food intake and academic performance among adolescents. *Canadian Journal of Dietetic Practice and Research*. 2008;69(3):141-144.
- ⁹ Neumark-Sztainer D, Story M, Dixon LB, Resnick MD, Blum RW. Correlates of inadequate consumption of dairy products among adolescents. *Journal of Nutrition Education*. 1997;29(1):12-20.
- ¹⁰ Neumark-Sztainer D, Story M, Resnick MD, Blum RW. Correlates of inadequate fruit and vegetable consumption among adolescents. *Preventive Medicine*. 1996;25(5):497-505.
- ¹¹ Centers for Disease Control and Prevention. *The association between school-based physical activity, including physical education, and academic performance*. Atlanta, GA: US Department of Health and Human Services, 2010.
- ¹² Singh A, Uijtewillig L, Twisk J, van Mechelen W, Chinapaw M. *Physical activity and performance at school: A systematic review of the literature including a methodological quality assessment*. *Arch Pediatr Adolesc Med*, 2012; 166(1):49-55.
- ¹³ Haapala E, Poikkeus A-M, Kukkonen-Harjula K, Tompuri T, Lintu N, Väistö J, Leppänen P, Laaksonen D, Lindi V, Lakka T. *Association of physical activity and sedentary behavior with academic skills – A follow-up study among primary school children*. *PLoS ONE*, 2014; 9(9): e107031.
- ¹⁴ Hillman C, Pontifex M, Castelli D, Khan N, Raine L, Scudder M, Drollette E, Moore R, Wu C-T, Kamijo K. *Effects of the FITKids randomized control trial on executive control and brain function*. *Pediatrics* 2014; 134(4): e1063-1071.